

## КАДÆР Æ ХУМГÆНДÆН Æ КÆРÆНТТИ ЦУДÆЙ, АДÆМ БА – Æ АСТÆУТИ!..

***Валентин ГАФТ (1935-2020), Уæрæсей адæмон артист: «Зæнхæбæл адæймагæй берæ аразгæ 'й. Æма закъонтæ, фæткæ ку фехæлуй, уæд æнæмæнгæ æфхуæрд байиафуй. Сæртæ къуæрун æма тухмиути агъазæй æгъдæуттæ ка æвæра, уæхæнттæ нæ нæ гъæуй, гъай-гъай. Гъæуй, æфсармæ æма уагæ кæмæ ес, уæхæн адæймæгутæ. Балхæнæн кæмæн нæ уа, гæртæнттæ ка нæ еса... Фал бæлах е æй, æма алцидæр уæйæгонд æрцудæй. Тухмиуæ æма коррупци æлдареуæг кæнунцæ парахаттæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№27 (996) 2025 анзи 19 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман


# БАЛО, ÆНОСТÆМÆ НИН ЦИТГИЙНАГ БАЛО...




Тæбæхсæути Балой туххæй æ имисуйнæгти нæ номдзуд актер, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Къумæллæгкати Мурат уотæ баханхæ кодта: «Бало æй нæ сæрустурдзийнадæ. Æ ном хуарз зундгонд æй айдагъ Иристони нæ, айдагъ Уæрæсей нæ, фал æнæгъæнæ дуйней дæр.

Æз фæххайгин дæн агъазиау амондæй – æ хæццæ архайдтон æхсæз спектаклеми. Кусти хъæбæр еудзурдон æма карз адтæй. Хуцау ма зæгъæд, æма репетиций рæстæг актертæй кæмæйдæр уотид бæгæний тæф кæла... Уотемæй ба адтæй алæмæти кæдзос, уогъуллу, æууæндагæ адæймаг. Некæд неке зæрдихудти бацудæй, некæд неке бафхуардта... Алæмæти устур сувæллон...»

Некæд неке зæрдихудти бацудæй... Мах ба, æнгъæлдæн, еуцæйбæрцæдæр æ зæрдихудти бацудан. Кæд кедæр æнæргъудидзийнади фудæй уотæ рауадæй, уæддæр уомæй нæ еугур дæр азунгин ан. Цæветтонгæ, Советон Цæдеси адæмон артист, УСФСР-и Паддзахадон премий, Хетæгкати Къостай æма Константин Станиславскийи номбæл премити лауреат **Тæбæхсæути Василийи фурт Владимири** (адæм æй уарзонæй Бало худтонцæ) райгурдбæл хуæрзæрæги, 2 июли исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1981). Æма аци ахсгиаг цауи фæдбæл ести номерæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй? Гъулæггагæн, неци...

Гъуддæгутæ кæмæй аразгæ 'нцæ, уони загъдмæ гæсгæ цидæртæ арæзт æрцæудзæнæй фæззæги, театралон сезон ку райдайа, уæд. Æма уæд е куд æй – еци сезонмæ нæ бангъæлмæ кæсгæй, Вахтангови кадæн фестиваль ку рацъапп кодтонцæ.

Уогæ уой фæдбæл хецæн дзубанди гъæуй, æма 'й абони нæ кæндзинан, уомæн фæстæдæр равгæ иссердзинан. Абони ба нæ рохсзæрдæ Балой рохс ном имисгæй нæ нæ фæндуй усхъæз дзурдæй ин æ уодæнцойнæ гъигæдарун. Æцæг ма уой зæгъуйнаг ан, æма абони кадæртæ кедæрти исдессаг кæнунмæ ци тухимисæ мадзæлттæй архайунцæ, етæ, баруагæс уи уæд, исонибони фæццидæр уодзæнæнцæ. Тæбæхсæути Бало ба нæ адæмæн æностæмæ рæстуодæй цитгийнаг уодзæнæй!.. Абони ин мах дæр æ номерæнæн мухур кæнæн æрмæг 3-5-аг фæрстæбæл.


НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР


## САГЪÆССАГ ФАРСТА



### ЗУДÆГÆНАГÆН Æ КОМИДЗАГ НÆ ТАЙУЙ!..

***Уæрæсей информацион агентадæ «Новости» куд игъосун кæнуй, уотемæй аци анзи фиццаг квартали рабæрæг æй фулдæр коррупцион фудракæндтæ. Зæгъæн, кæд æма 2024 анзи фиццаг квартали коррупцион фудракæндтæ рауадæнцæ 12466, уæд 2025 анзи ба – 15 458, гъома, 25 процентти фулдæр.***

Фæстаг æнзти статистикæ куд æвдесуй, уотемæй коррупцион цаутæ баст æнцæ гæртантæ дæттун æма есуни хæццæ. Аци анзи фиццаг квартали дæр гæртан раттуни цаутæ иссæнцæ 60,9 проценти. Нимæдзтæ куд æвдесунцæ, уотемæй минкъий гæртантæ дæттуни цаутæ фæмминкъийдæр æнцæ.

Кæд æма 2017 анзи коррупций хæццæ баст цаутæй минкъий гæртантæ дæттуни фудракæндтæ адтæнцæ 48,2 проценти, уæд 2025 анзи фиццаг квартали æрхаудтæнцæ 20,3 процентемæ. Уомæй уæлдай, гæртан раттуни цаутæ ма 'руадзун, фари еци æмгъуди хæццæ рабаргæй, 25,9 проценти фулдæр фæцæнцæ. Фудгæнгути къуæрттæ кенæ фудгæнгути æмæхсæнадтæ гæртан раттуни цаутæ аци анзи фиццаг квартали исаразтонцæ берæ фулдæр – 1102-æй 1614 цауей уæнгæ.


2


## ХЪÆППÆРЕС



### Æ АРФИАГ ФÆЛЛÆНТТÆ ИРОНХ НÆ 'НЦÆ

Æрæги Дзæуæгигъæуи æвæрд æрцудæй номдзуд уруссаг хирург, анатом, ахургонд, нæ бæсти медицини къабазæмæ агъазиау наукон нæуæгдзийнæдтæ бахæссæг Николай Пирогови бюст. Æ исаразæг – зундгонд скульптор **Хайти Ибрагим**.

Николай Пирогов æ рæстæги Дзæуæгигъæуи æфсæддон госпитæли дæр кодта операцитæ. Е адтæй 1847 анзи.

Бюст игон кæнуни рæстæг нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** куд загъта, уотемæй Николай Пирогови цард æма профессионалон архайд бафæнзуни аккаг æнцæ, æ дæснийадæ хъæбæр хуарз базонунмæ ка тундзуй æма си адæмæн аккаг хузи лæггадæ кæнунмæ ка гъавуй, уонæн сæ еугуремæн дæр.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Андрей БИТОВ (1937-2018), финсæг: «Айдагъдæр маддæлон æвзагбæл ес зарæн, æмдзæвгитæ финсун, дæ уарзондзийнадæ раргом кæнун... Æндæр æвзаг хъæбæр хуарз ку зонай, уæддæр дæ бон æй айдагъдæр политики туххæй дзорун æма хуæрæндони катлеттæ байагорун... Адæймагæн еунæг æвзаг ес, ескæмæ, миййаг, дуйæ æвзаги нæ фелвасдзæнæ...»*

## ГЪÆУТИ ФÆЛГОНЦАДÆ

### КУСТИТÆ – БÆРЗОНД ХУÆРЗГЪÆДÆДДЗИЙНАДИ ХÆЦЦÆ ÆМА АФОНÆБÆЛ

Дигори райони Дур-Дури гъæуи нуртæккæ хъæзауатонæй косунцæ æртæ ахсгиаг социалон объектебæл.

Дууæ си æнцæ нæуугутæ – 120 бунати кæми уодзæнæй, сувæллæнтти уæхæн рæвдауæндонæ æма спортивон зал. Æртиккаг объект ба æй дуккаг скъолай агъунст. Уой нур бундоронæй цалцæг кæнунцæ, æма зæронд агъунст зингæ фæууиндгундæр æй, медæгæй дæр си алцидæр уодзæнæй нæуæг: инженерон коммуникацитæ, уæлдæфкæдзосгæнæн системæ. Тагъд аразгутæ бавналдзæнæнцæ фæрстæ, пъолтæ æма тугурбæл куститæмæ.

Скъолай фалдзости дæр куст æ тæмæни æй – ласунцæ имæ мæрæ, аразунцæ газонтæ, æвæрунцæ си цæгиндзитæ нуриккон рохсгæнæнтæн. Тургъи фæзуат æхгæд æрцудæй рæсугъд æфсæйнаг горенæй, цæттæ ʼй агуат.

Исуйнаг рæвдауæндони агъунст дæр ирæзуй, агоридорæй фæрстæ æвæруй дорамайгути бригадæ Дагестанæй. Хуарз син æнтæсуй, сæ размæ æвæрд ихæсмæ бæрнон цæстæй кæсунцæ, кустити фæткитæ ихæлд нæ цæунцæ.

Сахар Дигорай æрдигæй Дур-Дури гъæумæ æрбацæуæни ба нуртæккæ цæттæ кæнунцæ фæзуат спортивон зали бундор æрæвæрунмæ.

Æртæ объектей арæзтадæ дæр фæдзæхст æй æнæнхæст баргин организаци «Ланæ»-бæл. Æ генералон директор Æгъузарти Зураби разамундæй куститæ æнхæстгонд цæунцæ бæрзонд хуæрзгъæдæдзийнади хæццæ, арæзтадон домæнтæ æма уагæвæрдтæмæ гæсгæ.

## НОМЕРÆН




# «НÆ БÆГЪАТÆРТИ РОХС НÆМТТÆ КАДГИНÆЙ ИМИСДЗИНАН ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ...»

Нæ Фидибæсти сæрбæлтау тохи æ цард ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ нæ адæми ʼрдигæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ цитгингонд цудæнцæ, уæлдайдæр ба сæ райгурæн рауæнти. Еци табуйаг æгъдау абони дæр кадгинæй æнхæстгонд цæуй – сærмагонд æфсæддон операций архайгæй æма се ʼфсæддон ихæс æнхæст кæнгæй, æхсаргинæй ка фæммард æй, уони рохс нæмттæ æносонгонд цæунцæ сæ райгурæн сахартæ æма гъæути, ахургæнæндæнтти æма æндæр уингдун рауæнти.

Æрæги Æхсæрисæри гъæуон астæуккаг скъолай медæгæ игонгонд æрцудæнцæ номерæн мраморон фæйнæгутæ се ʼмгъæуккæгтæ **Джимити Ибрагимæн** æма **Анатолий Умновæн** – етæ архайдтонцæ сæрмагонд æфсæддон операций æма æхсаргинæй фæммард æнцæ се ʼфсæддон ихæс æнхæст кæнгæй. Раздæр ма аци скъолæй уæхæн номерæн фæйнæг æвæрд æрцудæй æ рауагъдон Хадати Нодарæн – сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, е фæммард æй 2023 анзи.

Джимити Ибрагимæн æма Анатолий Умновæн номерæн фæйнæгутæ исаразун æма сæ ниввæруни гъуддаги фæййагъаз кодта Ирæфи райони администраци. Сæ игон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали архайдтонцæ дууæ бæгъатæрей хеуæнттæ, гъæубæсти дзиллæ, Ирæфи райони разамунди минæвæрттæ, тугъди æма фæллойни ветеранти Совети иуонгтæ, ахургæнгутæ æма ахурдзаутæ.

Джимити Ибрагим службæ кодта нæ республики медгъуддæгути оргæнти кинологæй. Служби ихæстæ æнæлазæй æнхæст кæнуни туххæй цалдæр хатти хуарзæнхæгонд æрцудæй сæрмагонд хуæрзеугутæй. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, Ибрагим æхе равдиста нифсхаст, æхсаргин æфсæддонæй. Тугъдон архайдтитæй еуей рæстæги, гъулæггагæн, фæммард æй знаги æхст дзармадзани æрхъезтæй. Æ фæммарди фæсте ин аккаггонд æрцудæй майдан «Æхсардзийнади туххæй».

Анатолий Умнов ба фарæ сентябри бафинста службæ кæнуни туххæй бадзурд æма утемæй е ʼфсæддон ихæстæ æнхæст кæнуни фæдбæл æрвист æрцудæй Курски облæстмæ. Тугъдон мадзæлтти архайгæй, не ʼмзæнхон равдиста сæрæнддзийнадæ æма нифсхастдзийнадæ. Гъулæггагæн, æгæр цубур рауадæй е ʼфсæддон ирисхъæ – фарæ фæззæги Курски облæсти гъæу Зеленый Шляхи алфамбулай тугъдтити рæстæг бæгъатæрæй фæммард æй. Æ фæсмæрдæ ин исаккаг кодтонцæ Лæгдзийнади орден.

Номерæн мадзали ка радзубанди кодта, уонæн сæ зæгъуйнæгти еумæйаг гъуди адтæй: «Нæ бæгъатæрти рохс нæмттæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ кадгинæй имисдзинан...»

**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ**

## САГЪÆССАГ ФАРСТА

### ЗУДÆГÆНАГÆН Æ КОМИДЗАГ НÆ ТАЙУЙ!..

Экономикæн, социалон къабазæн агъазиау зиан ка ʼрхаста, уæхæн коррупцион фудракæндтæ раудæнцæ 65,7 проценти фулдæр. Фарæ æма аци анзи фиццаг квартали фудгæнгутæ байййафтонцæ æфхуæрд, ци гæртан райстонцæ, уой син фæстæмæ фондз хатти фулдæремæй тæрхондони унаффæй бафедун кодтонцæ, уомæй уæлдай ба ма ахæстдони дæр фæббаддзæнæнцæ 15-18 анзей уæнгæ.

Прокурортæ ке исбæрæг кæнунцæ, еци фудракæндти туххæй ци уголовон гъуддæгутæ байгон кæнунцæ, уони бæрцæ иссæй æртæ мини. Уæрæсей Генералон прокурор **Игорь Краснов** куд зæгъуй, утемæй фондз анземæ коррупционертæй паддзахадон къазнамæ æздæхт æрцудæй 800 миллиард соми. Ци ес-бестæ адтæй еци коррупцион фудгæнгутæмæ, уой аргъ ба раудадæй 36,4 миллиард соми.

...Нæ адæммæ ес уæхæн загъд «Зудæгæнагæн æ комидзаг нæ тайуй!..» Кæмæ куд кæсуй, фал аци загъд ба нæ нури цардарæзти уавæртæмæ гæсгæ бустæги раст нæй. Еугурадæмон есбойнадæй фæррадавæ-бадавæ кæнуни равгæ кæмæндæрриддæр фæцæй æма еци æнауæрдонæй ка фæхххæлæф кодта, уонæн сæ тæйлагæй-тæйлагдæр агъазиау комидзæгтæ æгæрдæр ма тайунцæ. Уой дæр айдагъ сæхецæн нæ, фал сæ зæнæгæн, уони цæуæтæн…

Уогæ уотæ айдагъ махмæ, Уæрæсей нæй, фал дуйней æндæр паддзахæдтæй беретæми дæр. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

## ÆВАДУАТ ГЪУДДАГ – АДÆМИ ГЪИГÆДАРÆГ, ЦАРДИ КЪУЛУМПИ...



# ЦÆЙБÆРЦÆ ГЪÆУАМА УА ФЕДДОНТИ БÆРЦÆ?

Цæгат Иристони Фæллойнæ æма социалон ирæзти æма Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министрадти æмгустади фæрци социалон уагæй гъæуайкæнуйнаг адæймæгутæн уодзæнæй «донпурфгæнæн аргъ»-и хæрзтæй фæййервæзуни фадуат.

Донпурфгæнæн хигъдтæй арази ка нæй, уæхæн бæрæггаг адæймæгутæй хецауадæмæ æрбафтуйуй берæ гъæститæ.

Нæдæр дзæхæрадæнттæ, нæдæр бассейнтæ кæмæ нæййес, уæдта коммуналон лæггæдти æргътæ (уой хæццæ – «донпурфгæнæн хигъдтæ» дæр) зинтæй ка федуй, уæхæн пенсиесгутæ æма агъазгъæуагæ бийнонтæ кæми цæрунцæ, донпурфгæнæни туххæй хигъдтæ, уæхæн хæдзæрттæмæ дæр æрбафтуйунцæ, зæгъæ, гъæстити уотæ финст ес.

Амунд æууæл нимайгæй, региони цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ, артаг æма энергетики министр **Хъæрати Тимур** Цæгат Иристони фæллойнæ æма социалон ирæзти Министрадæн бафæдзахста фæккæсуйнаг адæймæгутæн донпурфгæнæн хигъди фарста еумæйагæй ралух кæнун.

Донпурфгæнæн хигъдти феддонтæ адæмæн нæуæгæй банимайуни фадуат цæй бундорбæл уодзæнæй, нæ республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министр **Абайти Юрий** социалон гъæуайкæнуйнади оргæнтæн байихæс кодта социалон уагæй фæккæсуйнаг адæмæй уæхæн курдиæттæ æрæмбурд кæнун.

«Водоканал»-и специалисттæмæ бунатмæ хуæдбарæй æрбацæуни æма си феддонти бæрцæ нæуæгæй бахинцуни барæ ке нæййес, уой нимайгæй, фæллойнæ æма социалон ирæзти Министради архайди фæрци уодзæнæй феддонти бæрцæ нæуæгæй банимайуни фадуат.

Донпурфгæнæн хигъдæй агъазгъæуагæ адæймæгути коммæ уагæй нæ фæццох кæндзæнæнцæ, фал ес цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæн субсидий æма агъази æндæр регионалон мадзæлтти фæрци еугур коммуналон лæггæдти (донпурфгæнæн хигъдтæ дæр хинцгæй) феддонти бæрцæ бæлвурд фæммининкъийдæр кæнуни фадуат. Аци гъуддаг исаразунæн адæймаги ихæс æй цæрæнуати бунатмæ гæсгæ адæми социалон гъæуайкæнуйнади оргæнтæмæ, кенæ берæкъабазгин центртæмæ бахатун.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министради пресс-службæ***

**Финддæс æма инсæй анзей размæ (1990 анзи 20 июли) Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Совет исфедар кодта Цæгат Иристони паддзахадон хуæдбарæдзийнади Деклараци.**

***Александр АНИКСТ (1910-1988), У.Шекспири исфæлдистадæ æртасæг: «Ирон актер Тæбæхсæути Владимири æмгустгæнгутæй даниаг принц сорæтбæл ка куста, уонæй аци актери раййафун неке бон бацæй. Уомæн Отеллой роли æ гъазт психологон хузи адтæй хъæбæр æууæнккаг, актер хъæбæр арф æвæрæнтæмæ нивналдта, устур эмоционалон тухæ равдиста...»***


Спектакль «Фатимæ» - галеуæрдигæй дуккаг лæууй Тæбæхсæути Бало. 1949 анз.

# Æ ХУАР — ХУÆРЗЗАД, Æ МÆСУГ — ÆФСНАЙД!..



**БЕСАТИ Тазе,** (1910-1981), финсæг

***Берæ 'нцæ, Иристони театралон аййевадæ цитгингæнгутæ. Ирон театри бундорæвæргутæй сæ еу Тотрати Бесæ, нæ национ театр æ карнæ кæмæн иссæй, еци æмбæлттæ: Таутиати Соломон, Гъæргинти Варя, Цирихати Петя, Икъати Серафин, Цæрукъати Александр, Хъариати Тамарæ... Кæддæр æ хестæртæн æгъдаугин кæстæр, хуарз ахургæнуйнаг ка адтæй, Тæбæхсæути еци лæгигъæдгун Бало æхуæдæг иссæй намусгин хестæр, хуарз æмбал, надамонæг æ кæстæртæн.***

*Тæбæхсæути Балой туххæй рагæй нуриуæнгæ бал ци берæ аллихузон цæмæдесаг æрмæгутæ финст æрцудæй, уонæй абони ниммухур кæнунæн хумæтæги нæ равзурстан нæ номдзуд финсæг Бесати Тазей уац. Бало æма Тазе адтæнцæ æмгæрттæ, райгурдæнцæ 1910 анзи (Тазе – 27 июни, Бало ба – 2 июли), уой хæццæ ба ма сæ еу кодта зæрдиаг лимæндзийнадæ, хæстæгдзийнадæ дæр æййафтонцæ… Æма арфи аккаг адæймаги туххæй ба æ хуæрзæрдхуардæй хуæздæр ка зæгъдзæнæй!..*

*Тазей финст уац мухур кæнæн, æ рæстæги, 1967 анзи журнал «Мах дуг»-и еугонд 10-11-аг номерти кутемæй рацудæй, уотемæй.*

## АДТÆЙ ИМÆ ÆРДЗÆЙ РАХÆСГÆ АГЪАЗИАУ ИСКУРДИАДÆ

Нæ рази ес газет «Æригон большевик»-и рагон, 1938 анзи уагъд номерти комплект. Дессаг æй, æвæдзи, уæди цаутæмæ абони цæстæй æркæсун. Уæд ка райгурдæй, е нур лæг æй – биййонтæ æма цæуæт кæмæн ес, уæхæн лæг. Еци рæстæги нæ бæсти цитæ цудæй, газети редакций косгутæ сæ гъос хъæбæрдæр цæмæ дардтонцæ, цард си хъæбæрдæр ци агурдта, нæ бæсти историкон æгъдауæй ци устурдæр цаутæ цудæй, етæ хъæбæр дессаг фæккæсдзæнæнцæ, æхе цæстæй сæ ка нæ фæуууидта, æхебæл сæ ка нæ бавзурста, уонæмæ.

Гъай-гъай, историон архивтæй, уæлдайдæр ба газеттæй берæ гъуддæгутæ базонуй адæймаг, ка сæ кæса, е. Мах дæр сæмæ, æвæдзи, нæ гъос хумæтæги не 'рдардтан… Цъаргай æй хатæн. Еуæй-еу хабæрттæй си зæрдæ рохс кæнуй. Иннетæй ба…

Мæнæ 1938 анзи 8 апърели номер. Ес си пъадвалон статья. Æ сæргонд æй: «Ирон театр». Зæрдиагæй æй кæсæн. Автор дзоруй, ирон профессионалон театр нурма кæд хъæбæр æрæги фæззиндтæй, уæддæр æ искурдиадæгин коллективæн æ къохи берæ æнтæстдзийнæдтæ ке æфтуйуй, æ аци бон рæсугъд, æ федæн ба никки рæсугъддæр æма устурдæр ке уодзæнæй… Уой хæццæ уоми æвзурст цæуй театри нæуæг спектакль. Уогæ хуæздæр уодзæнæй, еци театралон рецензийæй бæлвурддæр бунæттæ ку æрхæссæн, уæд.

– Мдиваний пьесæ «Намыс» æвдесуй арæнгъæуайгæнгути цард æма куст. Арæнгъæуайгæнгути район… Тайгай зæронд толдзæ бæлæстæ æносон лæудæй лæуунцæ. Сæ алливарс æгомуг къæдзæх, кæрдæгутæ, дортæ æма минкъий къотæртæ. Мæнæ тайгай цауæйнонтæ. Зæронд Ягор (роли гъазуй Тæбæхсæути Бало). Дессаги цауæйнон лæг сирдтæн се 'взагæй исахур æй. Арæни закъон ихалæн нæййес. Нæййес топпи гъæр уадзæн. Фал уæддæр зæронд Ягор æ куст нæ уадзуй, æ дессаги рæсугъд æскъот мæргъти зарæгау æй, æхемæ æрсайуй сирдти æма сæ æ къæппæгæй æрахæссуй. Уомæн æ зæрдæ игъæлдзæг æй æма нифсгун æй абони цардæй, æ фурттæй æма æ колхозæй. Æ еу фурт Арчини (роли гъазуй Гусити В.) раги фæллигъдæй фæсарæнмæ. Æ рамæлæти хабар си исигъустæй, фал æй Ягорæй ба баримахстонцæ. Æ иннæ фурт Надыр (роли гъазуй Плити Грис) æй хуæздæр арæнгъæуайгæнæг…

Идарддæр æй зæгъдзинан нæхе дзурдтæй: Ягорæн æ кæстæр фурт æй активон косæг, хуарз колхозон. Фал е биййнойнагæн ке ракурдта, еци кизги фидæ Сардион æй мæнгард æма хийнæйдзаг. Е шпионтæн амонуй нæдтæ. Уой фæрци арæнбæл æрбахизтæнцæ шпионтæ, уони хæццæ æрбацудæй Арчини дæр. Е рамардта е 'нсувæри æма æ фиди хæдзари исмедæг æй. Æ фидæ Ягор ин базудта æ цъамар миутæ æма 'й æхуæдæг рамардта.

Æ рæстæги тухгин финст адтæй Мдиваний пьесæ «Намыс», берæ аллихузон цаутæ æма си аййевдзийнæдтæ адтæй. Фал ибæл мах уони туххæй нæ дзорæн ами. Дæс æма инсæй анзей размæ нæ газети ирон театри туххæй ци рецензи адтæй, уой мах æримистан еу гъуддаги туххæй: фæндæ нæ адтæй базонун – цума ци хузи аргъ искодта рецензент уæд æригон актер Тæбæхсæути Балой гъазтæн? Ци имæ бафеппайдта хуарзæй?

Мæнæ байгъосетæ рецензентæн æхе дзубандитæмæ: «Берæ адæм æрбацудæй фиццаг изæр æма хъæбæр аразийæй рандæнцæ театрæй. Хецæн артистти гъазти менеугути туххæй уæлдай хъæбæрдæр фæндуй ести зæгъун, фал дзубанди уæддæр, уæлдæр куд загътан, уомæ цæуй: ирон советон театри равзурд æй абони устурдæр æскъуæлхтдзийнæдтæй еу. Ес ин устур федæн. Никки æхцæуæндæр æма хъæбæрдæр растауйнаг æнцæ нæ артисттæй еу къуар. Уонæй еу æй Тæбæхсæути Бало. Айдагъ еци пьеси нæ, фал еугур пьесити дæр е устур æскъуæлхтдзийнæдтæ æвдесуй. Зæгъæн ес, Тæбæхсæути Бало Иристони театри устур бунат ке ниййахæсдзæнæй, уой…»

## ÆМА ИССУГЪДÆЙ Æ ЗÆРДИ АЙЙЕВАДÆ БАУАРЗУНИ ЦÆХÆР

Нæ фæррæдудæй рецензент, уæд ма æригон ка адтæй, театралон студи каст ка нæма фæцæй, фал сценæбæл сау куст кæнгæй актери бунатмæ нифсгун къах ка байвардта, еци устур искурдиадæгин биццеу Балой туххæй. Æма е айдагъ рецензенти гъуди нæ адтæй. Тæккæ фиццаг спектакльтæй фæстæмæ дæр, Балой гъазтмæ кæсгæй, беретæн æнцон бафеппайæн адтæй, хуæдахур артистмæ ке адтæй æрдзæй рахæсгæ устур аййевадон тухæ, агъазиау искурдиадæ, æхецæн ци над, ци професси равзурста, уой хъæбæр берæ ке бауарзта, зæрдиагæй ибæл ке куста, æхсаргинæй ибæл ке цудæй.

Неци ес адæймагæн æ сабийбонтæй хъазардæр. Уæлдайдæр гъæути – дæнттæ хæбал-хубулæй кæми уайунцæ, хуæнхтæ, тар гъæдтæмæ хæстæг – æрдзи гъæбеси ка фæгъгъомбæл кæнуй. Хумæтæги нæ загъта нæ зундгонд поэттæй еу: «Гъæй джиди, афтæ ма цæр!» Æма куд нæ! Анзи афæнттæй алкедæр æхердигонау барæвдаудзæнæй дæу. Зумæг къахдзонæгътæбæл, exбæл… Уалдзæг ба ди зумæги уазалтæ уайтæккидæр феронх уодзæнæнцæ. Сæумæй хори цæстæй раздæр фæггæпп ласдзæнæ. Хуæрунмæ дæр дин рæстæг нæ фагæ кæндзæнæй. Дæ уесин бæхбæл исбадæ æма ибæл де 'мбæлтти размæ ратæхæ. Æзинæ си гъазунæй æнхæст ке хæццæ нæ бафсастæ, уони хæццæ нæуæгæй гъазæ. Изæрæй си кæд еске хæццæ, миййаг, фæххилæ дæ… Кæрæдзей батъæппитæ кодтайтæ, уæд нур æ хæццæ, æнæмæнгæ, бафедаудзæнæ. Игъæлдзæгæй бабæй гъаздзинайтæ нæуæгæй. Рæсугъд игуæрдæнти деденгутæн мондагæй æсмотдзинайтæ сæ адгин тæфмæ. Сæрди уин арф æма кæдзос дæнттæ æртайунмæ… Накæ кæнунæй уæ ка 'фсадуй! Фæззæг уин æ хæццæ æрхæссуй берæ рæгъæд рæзæ, царди нивтæ…

Еци амондгун сабийбонтæй цох нæ адтæй Бало дæр. Бало – еци ном ин равардтонцæ, сувæллон ма ку адтæй, уæд. Еци номæй ма 'й хонунцæ абони дæр беретæ. Фал æй уæддæр адæм фулдæр зонунцæ Валодяйæй, кенæ ба Владимирæй.

Тæбæхсæути Бало райгурдæй 1910 анзи Æрæдони гъæуи, ирон зæнхкосæг биййонти хæдзари. Æ ниййергутæ адтæнцæ хумæтæг фæллойнæгæнгутæ. Биццеу-бæл цуппар анзи ку исæнхæст æй, уæд æ фидæ фæммард æй Германий тугъди, фараст анзи ибæл ку рацудæй, уæдта æ мадæ. Æригон сабийи гъомбæл кодтонцæ æ фиди 'нсувæр æма æ хуæртæ. Æцæг ирон хæдзари ци хуарз æгъдæуттæ фæууй, уонæй æнхæст адтæнцæ аци биййонтæ дæр. Е 'нсувæри æртæ седзæремæн неци æвгъау кодтонцæ сæ гъомбæлгæнгутæ. Фæллойнæ кæнунбæл æма сæ æгъдаубæл аразтонцæ. Æгъдæуттæ ба берæ 'нцæ, етæ сувæллонæй агорунцæ æфсармæ, цурддзийнадæ, ездондзийнадæ æма лæгдзийнадæ. Иуазæги сæргъи гъæуама цирагъау лæууа, хестæрмæ фæстæмæ ма дзора. Рагъазунæн, рауайунæн, хеерхæфсунæн дæр кæрон ес. Уæдта хæдзари куститæй дæр дæ бон æма дæ ихæс ци уа, уони дæр ракæнæ. Зонæ дæ рацуд дæр æма дæ бацуд дæр. Ци биййонти 'хсæн гъомбæл кæнис, ци адæми ном хæссис, уой ма иронх кæнæ, рагæй нурмæ сæмæ хуарздзийнадæй цидæриддæр менеугутæ адтæй, уонæбæл хуæцæ, ма сæ ихалæ, уой хæццæ ба ма иронх кæнæ нæуæг – советон догæ фæсевæди размæ ци устур домæнтæ æвæруй, уони дæр. Цо раст æма федар надбæл.

Гъе уотæ ахур кодтонцæ Балой æ гъомбæлгæнгутæ, уотæ ин амудтонцæ. Æма зæрдæргъæвд сабур биццеу æ зæрдæмæ арф иста еци амундтитæ æма сæ æнхæст кодта. Еци хуарз менеугутæ æ хæццæ 'рбахаста сценæмæ дæр. Етæ ин хъæбæр фæййагъаз æнцæ æ идарддæри кусти дæр.

Ирон адæм театр куд берæ уарзунцæ, уой туххæй Бало ахид фæдздзоридæ. Æма е æцæгæйдæр уотæ 'й.


ТÆБÆХСÆУТИ Бало спектакль «Отелло»-й.

4

**Искурдиадæгин скульптор, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт хузæгæнæг Тауасити Тауаси фурт Станислави райгурдбæл 21 июли æнхæст кæнуй æхсæз æма æртинсæй анзи (1959-2014).**

***Зундгонд театралон архайæг æма аййевадæртасæг ДАУРАТИ Харитон уотæ финста: «Нæ национ культурæн ССР Цæдеси адæмон артист Тæбæхсæути Бало ци хуарздзийнæдтæ исаразта, етæ æгæрон берæ 'нцæ... Æ царди фæстаг бонти уæнгæ æвæллайгæй куста Цæгат Иристони паддзахадон драмон театри хуæздæр æгъдæуттæ ирæзун кæнунбæл, æ фæлтæрддзийнадæ æма зонундзийнæдтæ не***



Номдзуд артист ТÆБÆХСÆУТИ Бало æма игъустгонд паддзахадон архайæг ХЪÆБÆЛОТИ Билар адтæнцæ еузæрдиуон æрдхуæрдтæ.

# Æ ХУАР — ХУÆРЗЗАД, Æ МÆСУГ — ÆФСНАЙД!..

Бало игургæ дæр нæма ракодта, уæд (1904 анзи) æ райгурæн гъæу Æрæдони фиццаг хатт æвдистонцæ иронау спектакль. Еци гъуддаги разамонæг адтæй ирон национ театри фиццаг бундорæвæрæг æма аразæг Тотрати Бесæ. Еци хабар некæдбал феронх æй Æрæдони цæргутæй. Ахид ин ракæниуонцæ æ кой, хестæртæ 'й сæ кæстæртæн берæ хæттити радзориуонцæ. Уонæмæ цæмæдесæй игъуста Бало дæр. Хъæбæр æй фæндадтæй ести уæхæн пьеси рагъазун. Цума лæгъуз нæ рауайидæ æ гъуддаг, уотæ имæ кастæй. Берæ æмбæлттæ ма ин адтæй. Биццеутæй алкедæр, цæмæдæр гæсгæ, æхе артистбæл нимадта. Ахид рандæуиуонцæ къуарæй гъæуи фæстемæ куройни размæ æма уоми репетицитæ кодтонцæ. Киунуги кæсун ка зудта, етæ иннетæн дæр кастæнцæ ци рольти гъазтонцæ, уони дзубандитæ æма сæ уотемæй сæ зæрдæбæл наизусть бадардтонцæ… Уалинмæ гъæууон клуби арæзт æрцудæй драмон къуар. Бало адтæй хъæбæр мадзора æма æфсæрмдзаст. Æма, кæд гъæуи фæсте спектакльти лæгъуз нæ гъазта, уæддæр æй къуармæ ба нæ райстонцæ. Уомæн ба æ цийнæ, æ мæтæ, е 'стур бæллец адтæй – ескæд гъе уæхæн клуби сценæбæл æцæг актери дарæси ести пьеси рагъазун. Æма уæд хъæбæр балигъстæ кодта æ кæнгæ æнсувæр Реуазти Тайморазæн, цæмæй ин е фæййагъаз кæна, райсун æй кæна драмон къуармæ, бауадзонцæ 'й роль рагъазун.

1922 анзи æрæдойнаг скъоладзау биццеу фиццаг хатт фæуиидта, клуби сценæбæл драмон къуар ке равдиста, еци пьесæ – Бритъиати Елбиздихъой финст пьесæ «Дыуæ хойы».

Еци изæр биццеуи зæрди ци тухгин арт иссугъта, ци маст æма си ци тухæ бауагъта, уæдта имæ ци æнкъарæнтæ исæвзурун кодта, уой туххæй Балойæн æхе дзубандитæ фæнзгæй, Хъариати Тамарæ уотæ финста: «Фуни хузæн имæ кастæй еци спектакль. Сæхемæ куд бацудæй, уой дзæбæх дæр нæбал балæдæрдтæй. Æ цæститæбæл уадæнцæ театри архайгутæ – Хъилцихъо, Буцæ æма Тæтæрхъани сорæттæ. Театри сценæбæл ци нивтæ фæууидта, етæ æ сæрæй нæбал хецæн кодтонцæ, хуссæг æй нæбал ахæста. Æ хъæппæлтæ æ уæле искодта биццеу æма æхсæвигон хæдзарæй рацудæй тургъæмæ æма еунæгæй къуми «спектакль» исаразта… Рацо-бацо кодта, æвæллайгæй фæнзта пьеси хъайтарти, кæми иуæнгти æзмæлдæй, кæми дзубандитæй, кæми ба хъурихатт æма цæсгони æзмæлдæй. Айдагъдæр боницъæхти бахизтæй хæдзарæмæ фæстæмæ æма æд дарæстæ бафунæй æй хуссæни»…

Ке зæгъун æй гъæуй, беретæн берæ нæ бантæстæй, æрдзæй сæмæ ци искурдиадæ фæууй, уой царди равдесун æнхæстæй сæ къохи нæ бафтуйуй, барæ син нæ раттунцæ зин фадуæттæ. Ци сугъзæрийнæ нæмуг сæмæ фæууй, уой кæми байтауонцæ, зад æфсертæ син цæмæй æрхæсса, уæхæн зæнхи гæппæл ин не 'ссерунцæ. Балойæн кæд æ сабийбонти æ цардвæндаг, æ уавæртæ еугур æнцон æма рæуæг нæ адтæнцæ, уæддæр æй феййафта нæуæг рæстæг, батавта 'й советон доги гъар хор. Æ хуарз хуари муггæгутæ парахаттæй, нифсгунæй кæми байтудтайдæ, уæхæн мæрæбун гъæздуг хумзæнхитæ ин адтæй. Уæхæн зæнхи хузæн ин адтæй, фиццагидæр ирон сценæбæл ци спектакль фæууидта, е дæр. Е ин иссугъта е 'ригон зæрди аййевадæ тухгинæй бауарзуни цæхæр. Курдон курдонбæл ахур кæнуй, фæззæгъунцæ. Æма Бало уотæ зæрдибунæй ци аййевадæ бауарзта, уой хуæздæр исахур кæнунбæл, хуæздæр базонунбæл архайунæй некæд фæлладæй. Æ нисан адтæй – еци надбæл федар къахдзæфтæй идарддæр цæун.

## ЦИЙНИТИ ЦИЙНАГДÆР ИН АДТÆЙ, АДÆМ СÆМÆ КУД ЦÆМÆДЕСÆЙ КАСТÆНЦÆ, Е

Æма мæнæ еу сæрдигон тæвдæ бони æрæдойнаг лæхъуæнтæ цалдæремæй исфæндæ кодтонцæ Дзæуæгигъæумæ фæццæун. Сæ зæрди адтæй, Уруссаг театри ци пьесæ цудæй (Борис Лавреневи «Разлом»), уой фæууинун. Фестæгæй рараст æнцæ, ка ма 'й зонуй нур, етæ сахармæ цæйбæрцæ рæстæг фæццудæнцæ, уой. Фал Балойæй абони дæр нæ иронх кæнунцæ пьеси тухгин æма романтикон сорæттæ. Уомæн æ зæрдæ æнæкæрон тухгинæй агайдта бæгъатæр æма рæстдзийнадæбæл æновудæй тохгæнæг Годуни сорæт. Æцæг театри сцени профессионалон артисти нифсгун гъазт. Уомæй феронх æй, театри ке бадтæй, е. Адæми æцæг цард æма архайд, уонæн сæ бæгъатæр тох революций, рæстдзийнадæ æма сæребари уæлахези сæрбæлтау. Уæхæн хъаурæгин адæймæгути сорæттæ æма уæди бæгъатæр рæстæги царди хузти хæццæ федар баст адтæнцæ гъæуккаг зæрдæргъæвд лæхъуæнæн æ хуæздæр фæндитæ æма бæллецтæ. Лавреневи пьесæ ци агъазиау историон цаути фæдбæл финст адтæй, етæ ин æ зæрдæбæл æмбалдæнцæ. Уæлдай хъæбæрдæр бауарзта пьеси сæйрагдæр архайæг Годуни сорæт. Уомæн æ гъазæн дзубандитæ, æ кæдзос уодиконд æма е 'стур æхсарæ.

Балой хæццæ Æрæдонæй Дзæуæгигъæумæ ци æмбæлттæ иссудæй, уонæмæ, æвæдзи, уотæ хъæбæр нæ гъардта сцени архайгути хъисмæт. Етæ кенæ ести уæлдай хабæрттæ кодтонцæ кæрæдземæн, кенæ ба естæбæл дзæгъæлхудт кодтонцæ. Балой ба уонæмæ игъосунмæ нæ евдалдæй. Ци адтæй, уомæй айдагъ гъостæ æма цæститæ фестадæй. Æхенимæр фæнзта Годуни дзубандитæ, уомæн æ архайд æма æ фезмæлдтитæ. Куддæр къæндзæстуг адтæй, æ размæ ка бадтæй, уонæй. Уотæ имæ кастæй, цума ин етæ сæ еугур дæр лæдæрунцæ æ медхъурдохæнтæ. Бæргæ 'й фæндадтæй хебæраги райзайун, Годуни роли рагъазун… Цума куд исарæхсидæ аци сорæт равдесунмæ. Ка 'й зонуй, уруссагау ин зин уодзæнæй… Тæходуй, иронау уæхæн пьесæ фæууинæ… Фал кæд æма кæми?.. Кæд нæмæ уодзæнæй уæхæн ирон профессионалон театр? Ескæд гъæуама уа… Фал нæмæ нуртæккæ ба ес айдагъдæр клубти драмон къуæрттæ. Уонæми бал уæддæр зæрдиагæй архайун гъæуй. Цийфæндийæй дæр гъæуама аци надбæл рацæуа!..

1920-1930-аг æнзти нæ бæсти социалистон цардарæзти куст æма тох адтæй æ тæккæ тæмæни. Фæскомцæдесон биццеу Бало е 'хседгæ зæрдæ, æ куст æма æ еугур хъауритæ дæр æнæвгъауæй лæвардта еци устур гъуддагæн. Е рандæ 'й гъæуæй, куста Гизæлдон ГЭС-и, Мизури фабрики, уæдта нæдтæ аразæгæй дæр. Аллирауæн дæр æхе æвдиста æгъдаугин æма намусгинæй.

1930 анзи, фæскомцæдеси ЦК-и седтмæ гæсгæ инсæйанздзуд Бало ирон фæсевæдæй еу къуари хæццæ рандæй Сахалинмæ. Хехъæппæресадон къуарæн уоми дæр æнæ уæн кæми адтайдæ. Æма бабæй си Бало дæр адтæй активон архайæг. Сауæнгæ ма нæдтæбæл дæр сæ куст, сæ репетицитæ кæнун нæ ниууагътонцæ. Владивостоки ба ма спектакль дæр равдистонцæ.

Бало æхуæдæг куд дзурдта, уотемæй, Сахалини косгути æмдзæрæн баракти етæ ахид æвдистонцæ аллихузон гъазтизæртæ, спектакльтæ. Æма сæмæ адæм цæмæдесæй кастæнцæ, зæрдиагæй сæмæ игъустонцæ. Уонæй беретæ, æвæдзи, фиццаг хатт уæд фæууидтонцæ театралон аййевадæ, уæхæн цæмæдесаг пьеситæ æма сæмæ хъæбæр десаг кастæнцæ. «Уæд еци рæстæг никки хуæздæр балæдæрдтæн, – зæгъидæ Бало, – æцæг аййевадæн адæймаги гъомбæлади гъуддаги устур æма бæрнон ке æй æ ахедундзийнадæ, уой».

## ÆНÆ ТЕАТР ЕУНÆГ БОН ФÆЦЦÆРУН ДÆР Æ БОН НÆБАЛ АДТÆЙ

Цалдæр анзей фæсте Тæбæхсæути Бало Сахалинæй фæстæмæ иссудæй æ райгурæн Иристонмæ. Цард берæ ихæстæ æвардта ирæзгæ биццеуи размæ, берæ цидæртæ си агурдта. Гъо, цард тох æй кæддæриддæр æма амондгун е фæууй – зин нæдтæбæл нифсгунæй, æдæрсгæй ка фæццæуй размæ, айдагъдæр размæ. Еци размæ цуди берæ нæдтæй, æвæдзи, алкедæр сæйрагдæрæн еу равзаруй.

Театр! Айдагъдæр театр! Уомæ федар над иссерун, æ хъаурæ, æ искурдиадæ равдесун – е адтæй æ сагъæс, æ мæтæ. Фал æй е 'стур бæллецтæ, æ зæрдæргъæвддзийнадæ, æхемæ ци устур хъаурæ зудта, етæ адтæнцæ æрæгæмæ цæттæгæнагæ дæлгоммæ сункъи хузæн, зин равзарæн, неке сæ уидта. Цума хуæнхаг карз цæугæдон ауони кæмидæр уадæй. Æ над ин кæмидæр исæхгæдта федарæй, бауорæдта 'й, устур хъум си рауадæй… Фал æй кæдмæ уорамдзæнæй, кæдмæ! Уæхæн хъумæн еу хатт уæддæр æ билтæй æнæ ракæлæн нæ фæууй… Æма уæд адæм фæууиндзæнæнцæ æносон цæугæдони æведуйгæ хъаурæ.

Уотæ арф римæхст фæуунцæ фулдæр хæттити адæймаги агъазиау тухæ æма уодигъæди кæдзос менеугутæ… Неци адæ кодта цард æнæ театр Балойæн. Гæрр, ирон адæм театр берæ ку уарзунцæ, уæд сæбæл уæхæн бон некæд искæндзæнæй, сæхе профессионалон театри… сæхе æвзагбæл сæ лæхъуæнтæ æма кизгуттæ дессæгтæ куд æвдесонцæ… Æцæг аййевадæ сæмæ куд ирæза… Нæ! Нæ!.. Уомæн æнæ уæн нæййес. Уодзæнæй уæхæн театр!



ТÆБÆХСÆУТИ Бало кинонивæ «Фатимæ»-йи.

*’вгъау кодта æ кæстæр æмбæлттæн. Фæллад нæ зонгæй, цудæй аййеvади бæрзæндтæмæ. Уой хæццæ ба ма кодта агъазиау æхсæнадон куст дæр... Кæд абони нæ уарзон артисти гъæлæс ирон сценæй нæбал игъусуй, уæддæр нæ адæми зæрдити æностæмæ байзайдзæнæй зундгонд сценикон архайæг, æ дом-бай искурдиадæ адæмæн кæронмæ ка равардта, уæхæн адæймагæй...»*



Айдагъдæр е ку уа, уæд иссердзæнæй царди адæ аци лæхъуæн… Нур ба бал клубти… драмон къуæртти…

1935 анзи Мæскуй театралон студи каст фæцæнцæ ирон биццеутæ æма кизгуттæ. Етæ адтæнцæ дæс æма инсæййей бæрцæ. Искурдиадæгин фæсевæд Советон Цæдеси столицæ Мæскуй райстонцæ берæ хуарздзийнæдтæ, ци надбæл лæуд адтæнцæ, еци гъуддаги – аййевадæбæл ахуради културæ æма дæснийæдтæй. Исхудæнцæ Иристонмæ. Байгон æй Ирон профессионалон театр. Уордæмæ истонцæ нæуæг фæсевæд.

Уордæмæ курдиадæ балæвардта Бало дæр. Нæ, некæд феронх уодзæнæй еци фæлварæн уомæй. Равардтонцæ ин еу этюд рагъазуни барæ. Æгæр «уæзбун» æма æнæхъаурæ, æфсæрмдзаст ке адтæй, уой фудæй цæхгæрмæ лух фæцæй æ устур фæндæ. Хуарзбæл ин нæ банимадтонцæ æ «дзуапп». Нæй райстонцæ. Æ зинæн ма кæрон кæми адтæй. Еуемæй æ куст ниууагъта, иннемæй ба ’й театрмæ нæ райстонцæ. Директор ин æргомæй загъта: «Неци ди рауайдзæнæй театри! Дæ сæрæй рагæлдзæ артист исуни гъуди. Иссерæ дæхецæн æндæр ести куст!»

Директори дзурдтæ биццеуæн хъæмайæй зæрдæ рарæхуайуни хузæн адтæнцæ. Фал куд гъæуама исарази уа æ хæццæ? Кæд æма æнæ театр æ бон еу бон дæр нæ адтæй цæрун…

Кæд цийфæнди тухст æма стонг æвзурста, уæддæр æй театрæй æ къах некумæ хаста. Аллибон дæр цудæй репетицитæмæ. Æма хъæбæр арази адтæй, уæхæн барæ ин ке равардтонцæ, уомæй. Фæстагмæ, æвæдзи, æригон актертæ театри директорæн балигъстæ кодтонцæ, цæмæй ин уæддæр ести минкъий куст равардтайдæ. Æма æй иснисан кодтонцæ реквизитори агъазгæнæгæй.

### ÆМА НÆ НАЦИОН ТЕАТРАЛОН АЙЙЕВАДИ ЗИНГÆ БУНАТ ÆРАХÆСТА…

Еухатт артист Кокайти Исай фæссæйгæ ’й. Е гъазта Бартолени роль спектакль «Адвокат Патлен»-и. Еске æй гъæуама тагъд-тагъдæй раййивтайдæ.



Спектакль «Сæрмæт æма æ фурттæ». ТÆБÆХСÆУТИ Бало Сæрмæти роли.

Балойæн æй баихæс кодтонцæ. Хъæбæр цубур рæстæг ин адтæй æ роль исахур кæнунмæ. Фал æй уæддæр бацæттæ кодта. Рагъазта æй. Рагъазта? – Нæ! Е æгæр минкъий дзурд æй. Балойæн рауадæй æцæг уодæгас Бартолен. Уой туххæй Хъариати Тамарæ, зундгонд артисткæ, Балой цард æма исфæлдистадон над хъæбæр хуарз ка зудта, е, мæнæ куд зæгъуй:

– Бартолен--Тхапсаев был похож на огромного, грубо обтесанного деревенского идола. Лицо неподвижное, взгляд тупой. Шествовал он важно, чуть волоча ноги и изгибаясь в талии, как будто у него был поврежден позвоночник. Он не говорил, а мычал, как глухонемой… Но как ни смешон был Бартолен, он производил гнетущее впечатление – становилось страшно от мысли, что это тупое животное вершит судьбами людей.

Бартолени роли Бало е ’стур искурдиадæ хъæбæр хъаурæгинæй ке равдиста, е гурусхаг нæ адтæй. Уой еци роли кадæриддæр фæууидта, етæ ’й берæ рæстæг нæбал феронх кодтонцæ. Еци гъуддаг уæлдай бæлвурддæрæй бафеппайдтонцæ театри коллектив сæхуæдтæ дæр. Æма Баломæ фæсномугæй дзорун райдæдтонцæ Бартолени номæй. Артист Кокайти Исай ба загъта:

– Уадзæ æма еци роль амæй фæстæмæ дæр гъаза Тæбæхсæути Бало. Хуарз, хъæбæр хуарз си федауй…

Гъе уотемæй Бало бахаудтæй, театри агъазгæнæг актертæбæл ке нимадтонцæ, уони рæнгъæмæ.

Еу спектакли фæсте Балойæн бафæдзахстонцæ никки бæрнондæр ихæс. Равардтонцæ ин Тæтæрхъани роль Бритъиати Елбиздихъой зундгонд пьесæ «Дыууæ хойы». Æвæдзи, ирон адæми ’хсæн берæ нæ разиндзæнæй уæхæнттæ, еци пьесæ театри сценæбæл ка нæ фæууидта, кенæдта æй киунуги ка нæ бакастæй. Неци ес æригон адæймагæн æ устур æма кæдзос уарзондзийнадæй хъазардæр. Неци ес Хансиат æма Асиатмæ дæр уомæй хъазардæр. Гъо, фал дорзæрдæ Тæтæрхъанмæ уони мæтæ æгириддæр нæ адтæй. Е æй кизгутти фиди æнсувæр. Æ барæ сæбæл цæуй. Етæ ке уарзунцæ, кенæ син сæхе ка уарзуй, уобæл цæмæн гъæуама гъуди кæна мулкмондаг, маргзæрдæ, хинттæ æма кæлæнтæй архайæг Тæтæрхъан! Берæ ирæд райсун æй фæндуй. Уомæ гæсгæ хийнæй рацæуй е ’нсувæри кизгуттæбæл. Е æ кæстæрти ардауй хуæрти нихмæ, цæмæй сæ расъæфун кæнонцæ гъæздуг уосгортæн. Æ саузæрдæ æма фудмиутæ арæхстгай римæхсуй. Цума æгириддæр нецигæнæг æй, уотæ æхе дарæй.

Хуæрти раскъæфун кодтонцæ. Фал сæ фæндитæ кæрзлух фæцæнцæ: гъæздуг ирæд сæ къохæй фæцæй. Уомæн æма хуæртæй еу, Хансиат, хонхæй æхе рагæлста. Асиати ба фæстæмæ байстонцæ. Ами дæр бабæй æхе нецииунæг æма нецизонæг искодта Тæтæрхъан. Цæмæй ибæл маке мацæмæй фæггурусхæ уа, уой тухххæй ма æ фурти дæр исбаста. Гъæуама адæм æнгъæлонцæ, зæгъгæ, дан, биццеу скъæфгути нихмæ рацудæй æма ’й етæ ниббастонцæ.

Мæнæ куд раст кæнуй æхе зæрonд Аслæнбегæн хуæрти фудгин кæнгæй Тæтæрхъан:

